WIKIPÉDIA

Musiyum Purna Bhakti Pertiwi

Musiyum Purna Bhakti Pertiwi

Musiyum Purna Bhakti Pertiwi (MPBP) dipunyasa déning **Yayasan Purna Bhakti Pertiwi** saha dipunprakarsani Tien Soeharto.[1] Musiyum punika manggèn wonten ing salebetipun Taman Mini Indonésia Indah (TMII).[2] Musiyum punika isinipun koleksi barang-barang *cindera mata* ingkang wonten gèndhèng cènèngipun kaliyan lelampahan pengabdian Présidhèn Républik Indonésia ingkang kaping kalih inggih punika Soeharto.[2]

Sajarah

Musiyum punika dipunkepyakaken tanggal 23 Agustus 1993 déning Soeharto.[1] Musiyum punika dipunkepyakaken sesarengan kaliyan dinten ambal warsa ingkang kaping 70 garwanipun ingggih punika Tien Soeharto.[1] Musiyum punika wiyaripun 25.095 mèter pasagi saha dipunyasa wonten ing siti ingkang wiyaripun 19,7 hèktar.[1]

MPBP isinipun éwon barang-barang ingkang ngemu sajarah tumrap pengabdian Soeharto.[1] Wiwit bundhel-bundhel naskah pidhato, senapan ingkang dipun-ginakaken wonten ing jaman révolusi, rasukan-rasukan dinas militèr, ngantos KRI Harimau, kapal perang ingkang dipun-ginakaken wonten ing Operasi Mandala saha pembebasan Irian Jaya nalika taun 1963.[1] Sadèrèngipun barang-barang punika dipunsimpen déning Tien Soeharto lajeng dipunmusiyumaken.[1]

Arsitèktur lan kolèksi

Musiyum Purna Bhakti Pertiwi punika wujud yasan saha arsitèkturipun mèmper kaliyan sega tumpeng utawi gunungan.[1] Wangun punika nglambangaken raos pangucap syukur.[1]

Cathetan suku

1. soehartocenter.com (http://www.soehartocenter.com/muséum/pb-pertiwi/index.shtml) (dipunundhuh tanggal 5 Oktober 2011)
2. today.co.id (http://today.co.id/read/2011/05/22/33519/mengintip_koleksi_cinderamata_dunia_di_muséum_purna_bhakti_pertiwi)(dipunundhuh tanggal 5 Oktober 2011)

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Musiyum_Purna_Bhakti_Pertiwi&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Musiyum_Purna_Bhakti_Pertiwi&oldid=1443083"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 04.39, 6 Juni 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.